Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,льилье,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи



# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

№ 41 (6621) 8 октябрь 2018 с. Итни МухIаррам 1440 с. Багьа 5 гъур.

БАРКИ

## ТIолгодунялалъул архитектураялъул къо

**Октябрь моцIалъул тIоцебесеб гьатIан къоялъ, 1996 соналдаса архитектораз кIодо гьабулеб буго ТIолгодунялалъул архитектураялъул къо.**

Гьеб байрам чIезабуна архитекторазул халкъазда гьоркьосеб союзалъ, кIиабилеб дунялалъул рагъдаса хадусел соназго. Гьелъул мурадги букIана рагъалъ чIунтизарурал шагьарал, росаби, промышленниял предприятиял цIигьари. Нилъер улкаялъул архитекторазул хIаракаталдалъунги гIемераб хIалтIи гIумруялде бахъинабулеб буго цIияб бакIал раялъул, чIунтарал бакIал къачIаялъул рахъалъ.

РакI-ракIалъ баркула ТIолгодуняллъул архитектураялъул къо гьеб махщалида рекьон хIалтIулезда ва цереккун хIалтIаразда.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

## ЦIияб школа баялъул ва ТIад Инхобе нух къачIаялъул суалал рорхана

### Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас ТIад Инхо росулъ гIадамал къабул гьаруна

**1 октябралда Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов хIалтIулаб сапаралъ щвана ТIад Инхо росулье ва гIадамал къабул гьаруна. Районалъул бетIер Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат НурмухIамад ГIалиевгун щвана Инхоса ГIали-хIажиясул цIаралда бугеб ТIад Инхо росдал гьоркьохъеб школалде, «Село Верхнее Инхо» росдал поселениялъул администрациялде ва цогидалги объектазде.**

Районалъул бетIерасулгун ва Халкъияб Собраниялъул депутатасулгун дандчIвазда гIахьаллъана «Село Верхнее Инхо» росдал поселениялъул бетIер МухтарахIмад МухIамадов, Инхоса ГIали-хIажиясул цIаралда бугеб ТIад



Инхо гьоркьохъеб школалъул нухмалъулев МухIамад Юсупов, Федералияб казначействоялъул Дагъистаналда бугеб управлениялъул Гумбеталъул № 19 отделалъул нухмалъулев АхIмад Мансуров, районалъул администрациялъул бакIал раялъул ва архитектураялъул рахъалъ бетIерав специалист ХIажимурад АхIмаднабиев, Ингишо гьоркьохъеб школалъул нухмалъулев ГIали ГIумархIажиев ва цогидалги.

ТIад Инхо росдал вакилзабаз районалъул бетIерасда ва депутатасда гьарана росулъ цIияб школа баялъул хIакъалъулъ суал хасаб программаялде гьорлъе бачун, республикаялъул нухмалъулезда цебе лъеян. Муниципалитеталъул бетIерасги депутатасги рагIи кьуна гьеб суал тIубазалъе жидеда бажарараб щинаб гьабизе. ТIадинхдерица гьединго гьарана Гьоркь Инхо – ТIад Инхо шагьранух цIи гьабун къачIаялъул ва цогидалги суалал тIуразалъе кумек гьабеян. ХIалтIулаб сапаралъ аралъур ва гIадамал къабул гьарулелъул цере лъурал масъалаби жиндирго хьаравуллъиялде росун руго районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## Халкъалъул хъвай-хъвагIай, 185 чиясе хъулухъ, газ бачин, АПКялда бугеб хIал

### Газ бачиналъул, хаслихълъиялъулгун хасалил заманалде хIадурлъиялъул суалал гьоркьор лъуна Бакълъулазул районалда

**1 октябралда «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасул нухмалъиялда муниципалитеталъул активалъул данделъи тIобитIана. Гьенир гьоркьор лъуна газ бачиналъул, хаслихълъиялъулгун хасалил заманалде хIадурлъиялъул ва цогидалги суалал.**

Данделъиялда гIахьаллъана федералиял, республикаялъулал, муниципалиял идарабазул вакилзаби, учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулел.

Данделъи рагьана ва бачана Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас.

Дагъистанстаталъул Гумбеталда вугев бетIерав специалист – эксперт МухIамад Лабазановас бицана 1-10 октябралда Россиялда гьабулеб бугин халкъалъул хIалбихьиялъулаб хъвай-хъвагIай.



Дагъистаналъул МФЦялъул Гумбеталда бугеб филиалалъе нухмалъулев ГIумар МухIамадовас абуна араб анкьалъ пачалихъияб ва муниципалияб хъулухъ гьабеян 227 гIарза бачIанин ва гьездасан 185 чиясул мурад тIубанин.

Районалъул администрациялъул бакIал раялъул ва архитектураялъул рахъалъ бетIерав специалист ХIажимурад АхIмаднабиевас бицана муниципалитеталде газ бачиналъул хIалтIи гIуцIулеб «СтройГазКомплекс» ОООялъулгун цадахъаб хIалтIул, хаслихълъиялъулгун хасалил заманалде хIадурлъи хехлъизабизе ккеялъул, организацияз тIурччи босизе, хIухьладалъун рукъзал хинлъизарулел пучдул ва хинлъиялъе пайда босулел приборал хIалтIулел ругищан халгьабизе хIажат букIиналъул.

(Ахир - 2 аб. гьумералда).

НОМЕРАЛДА РУГО:



ПачалихъиЯв хIаракатчи ГIабдурахIман Даниялoвасул юбилей

-2 гьум.



РацIцIалъи - иманалъул бащалъи

-2 гьум.



«Бакъ» яслиахалда ПатIимат АхIмадибировалъулгун дандчIвай

- 2 - 3 гьум.



Бакълъулазул районалъул Собраниялъул депутатаз халгьабуна школазда хасалоялде бугеб хIадурлъиялъул

-4 гьум.

# Халкъалъул хъвай-хъвагӀай, 185 чиясе хъулухъ, газ бачин, АПКялда бугеб хӀал

(Байбихьи - тӀоцебесеб гьум.)

«Районалъул маданиял учреждениязда, библиотекабазда тӀоритӀана Халкъазда гьоркьосеб ригь аразул кьоялда, пачалихъияв хӀаракатчи ГӀабдурахӀман Даниялов гьавуралдаса 110 сон тӀубаялда ва цогидалги машгьурал кьоязда хурхун тадбирал. Россиялъул халкъазул гӀадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул нухмалъулев Набигула АхӀмадибировас хӀадурана «Гумбет Ежевика Спиркинагун» абураб документалияб фильм ва гьеб республикаялъулаб «Нур» конкурсалде битӀана», – ян абуна районалъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель МухӀамад ГӀумардибировас.

Бакълъулазул районалъул гӀолилазул централъ щибаб росулъ тӀоритӀулел руго гӀолилазул данделъаби. Централъул нухмалъулев МухӀамад Зубайировас бицана гӀолилазда гьоркьоб гьабулеб хӀалтӀул.

«28-30 сентябралда Гьарабудагъкент районалъул сахгьариялъулгун спортивияб «Лотос» комплексалда тӀобитӀана наркоманиялда данде чӀарал Дагъистаналъул гӀолилазул багъа-бачариялъул гӀахьалчагӀазул слет. Гьениб гӀахьаллъи гьабуна Бакълъулазул районалдаса вакилзабазги. Унел руго Бакълъулазул районалъул росабазул командабазда гьоркьор мини-футболалъул къецал. ГӀолилазул данделъабазде, дандчӀваязде нижеца къабул гьарула, исламалъул кьучӀал ричӀчӀинаризе, экстремизмалъул ва терроризмалъул тӀекъал ишазул хӀакъалъулъ бицине диниял церехъаби», - ян абуна МухӀамад Зубайировас.

Бакълъулазул районалда хӀадурун буго 1996 тонна хъачӀаб рагӀи-хер. 530 гектаралдаса бакӀарана гӀечул, генул ва цогидалги бачӀин, хӀисабалде босун буго 650 гектаралда хаслихъе культураби рекъизе. 15 сентябралда гӀи гочинабизе байбихьана роолил мучӀдуздаса хъутабазде. АПКялда ругел гьел ва цогидал хӀужабазул бицана районалъул администрациялъул экономикаялъул, росдал магӀишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖККялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель ИбрагьимИбрагьимовас.

Хаслихълъиялъулгун хасалил заманалде лъайкьеялъул учреждениязда буеб хӀадурлъиялда тӀадчӀей гьабуна районалъул физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухӀамадовас. «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетӀерасул заместитель МухӀамад Хъарагишиевас кӀвар буссинабуна хаслихълъиялъулгун хасалил заманалде хӀадурлъиялде, бакӀалъулаб самоуправлениялъул органазул хӀаракатчилъи битӀун ва киназего баянаб хӀалалъ гӀуцӀизе ккеялде. Коррупциялда данде кьеркьеялъул суалазул рахъалъ районалъул бетӀерасул кумекчи НурмухӀамад ГӀизудиновас ракӀалде щвезаруна бюджеталъул учреждениязул хӀалтӀи киназего баянаблъун букӀиналъул тӀалабал тӀуразе ккей ва доходазул хӀакъалъулъ баянал кьезе ккей.

Районалъул бетӀер ХӀажимурад МухӀамадовас данделъиялъул хӀасилал гьаруна, киналго ахӀана дагъалги жигаралда хӀалтӀизе, хӀасилал лъикӀал щвезелъун ва гӀадамазе хъулухъ жиндир заманалда ва качествоялда тӀубазелъун кьеркьезе.

**Информациялъул «Гумбет» гӀуцӀи**

# РацӀцӀалъи - иманалъул бащалъи

### Бакълъулазул районалда тӀобитӀана киназего гӀаммаб субботник

**Бакълъулазул районалъул администрациялъул хӀаракаталдалъун, 3 октябралда муниципалитеталъул росабалъ тӀобитӀана киназего гӀаммаб, гӀемер гӀадамал гӀахьаллъараб субботник.**

Сверухълъи рищни-къулалдаса бацӀцӀад гьабиялда гӀахьаллъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул хӀалтӀухъаби, муниципалиталъул учреждениязда ва гӀуцӀабазда хӀалтӀулел, школазул мугӀалимзаби ва цӀалдохъаби.



Районалъул бетӀерасул заместитель МухӀамад Хъарагишиевас бицана районалъул нухмалъиялъ сверухъ бугеб тӀабигӀат цӀуниялде, рацӀцӀалъи чӀезабиялде кӀудияб кӀвар кьолеб бугилан.

«Жакъа бюджетниял учреждениязул хӀалтӀухъабаз, школазул цӀалдохъабаз рищни-къулалдаса рацӀцӀад гьаруна жалго хӀалтӀулел, цӀалулел бакӀазул сверухълъи, къватӀал, байдаби ва цогидалги бакӀал. КӀудияб кӀвар буго лъималазулъ гьитӀинаб мехалдасаго рацӀцӀалъиялде, тӀабигӀаталде рокьи бижизабиялъул, гьел бичӀчӀи бугелълъун гӀезариялъул. Аби бугелълъ рацӀцӀалъи иманалъул бащалъи бугилан.

Росабалъги рацӀцӀалъи цӀунизе ккола. Нижеца росаби берцин гьарун кьачӀаялъулъ, гурхӀел-рахӀмуялъул акциял тӀоритӀиялъулъ гӀахьал гьарула кумекалъулал гӀуцӀаби, меценатал. Масала, ЛъаратӀа – МелъелтӀа нухда гьединаз, бан рагӀалде бахъунеб буго мажгит. Хадубккунги республикаялъул ва бакӀалъул кӀвараралъул нухал къачӀай гьоркьоб кьотӀизе тезе гьечӀо», - ян абуна МухӀамад Хъарагишиевас.

Бакълъулаз зама-заманалда тӀоритӀула ГӀандигӀорухъ рацӀцӀалъи чӀезаби мурадалда субботникал.

**«Гумбет» РИО**

ДИР РАКЬАЛДА КЬАЛДА ГӀАДАН ХОЛАРО

# Пачалихъияв хӀаракатчи ГӀабдурахӀман Данияловасул юбилей

### Бакълъулазул районалда тӀобитӀана ГӀабдурахӀман Данияловасул юбилей кӀодо гьабун гургинаб стол

**Централизованнияб библиотечнияб системаялъул лъималазулгун гӀолилазул отделалда тӀобитӀана «Дагъистаналъул мустахӀикъав вас» абураб гургинаб стол. Гьеб сайгъат гьабун букӀана машгьурав пачалихъияв политикияв хӀаракатчи ГӀабдурахӀман Даниялов гьавуралдаса 110 сон тӀубаялъул юбилеялъе.**



Гургинаб стол рагьана ва бачана лъималазулгун гӀолилазул отделалъул нухмалъулей ПатӀимат ХӀусейновалъ. Дагъистан цебетӀеялъе гӀемераб хӀалтӀи гьабурав, ГӀабдурахӀман Данияловасул хӀакъалъулъ ракӀалде щвеял гьаруна ХӀусейновалъ.

ЮбилярасулхӀаракатчилъиялъул аслиял рахъазда тӀадчӀей гьабуна кӀалъазе вахъарав «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель МухӀамад ГӀумардибировас.

«ГӀабдурахӀман Даниялов гьавуна 1908 соналъул 22 августалда Дагъистан областалъул ГӀуниб округалъул Ругъжаб росулъ. Даниялов хӀалтӀана Дагъистан АССРалъул хурухъанлъиялъул наркомлъун (1937 – 1939), ДАССРалъул Совнаркомалъул председательлъун (1940 – 1948), КПССалъул Дагъистан областалъул комитеталъул тӀоцевесев секретарьлъун (1948 – 1967), ДАССРалъул Верховный Советалъул Президиумалъул председательлъун (1967 – 1970). Вищун вукӀана СССРалъул Верховный Советалъул депутатлъун 1946-1970 соназ. СССРалъул Верховный Советалъул Президиумалъул членлъун – 1962-1970 соназ. Гьев ккола тарихиял гӀелмабазул доктор.

Нухмалъи гьабизе жиндирго бажари, цевехъанасул лъикӀал рахъал ГӀабдурахӀман Данияловас рихьизаруна КӀудияб ВатӀанияб рагъул кьвагъарал соназ, улка рукӀалиде ккезабулеб рагъдаса хадусеб заманалда. Данияловасул хӀара-каталдалъун фашистазда данде рагъулезе кумек гьабизе гӀуцӀана «Шамиль» танковияб колонна, фронталде ритӀана анцӀ-аза-азар дагъистаниял, Кавказ цӀунизе чанго анцӀго километралда рухъана хандакъал», - ян бицана МухӀамад ГӀумардибировас.

Юбилярасул хӀурматалда Россиялъул халкъазул гӀадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул фойеялда гӀуцӀун букӀана стенд. Музеялъул хӀалтӀухъан Сапият ХӀажимурадовалъги бицана ГӀабдурахӀман Данияловасул гӀумрудул ва хӀаракатчилъиялъул хӀакъалъулъ, цӀалана гьесул хӀакъалъулъ Расул ХӀамзатовас хъварал кучӀдул.

Бакълъулазул районалъул маданиял учреждениязда ва библиотекабазда киса-кирего тӀоритӀана ГӀабдурахӀман Даниялов гьавуралдаса 110 сон тӀубаялда хӀурматалда тадбирал.

**«Гумбет» РИО**

ЛЪИМЕР ГЬИМИЧӀОНИ, ЧӀУНТУЛА ДУНЯЛ

# «Бакъ» ясли-ахалда ПатӀимат АхӀмадибировалъулгун дандчӀвай

### МагӀарулазе 11 тӀехь сайгъат гьабуна

**2 октябралда Бакълъулазул районалъул МелъелтӀа росдал «Бакъ» ясли-ахалда тӀобитӀана МелъелтӀаса шагӀир, Россиялъул хъвадарухъабазул союзалъул член, 11 тӀехьалъул автор ПатӀимат АхӀмадибировалъулгун дандчӀвай. Гьелда гӀахьаллъи гьабуна районалъул культураялъул, библиотекаялъул, МелъелтӀа гьоркьохъеб ва аслияб школазул, ДДТялъул, лъайкьеялъул отделалъул ва цогидаги хӀалтӀухъабаз. ДандчӀвай рагьана ва ПатӀиматил гӀумруялъул ва творчествоялъул хӀакъалъулъ бицунаго махщалида бачана «Бакъ» ясли-ахалъул тарбиячагӀи ГӀайшат Абакаровалъ ва АсхӀарат МухӀамадовалъ.**



(Ахир - 3 аб. гьумер.)

## «Бакъ» ясли-ахалда ПатIимат АхIмадибировалъулгун дандчIвай

**(Байбихьи - 2 аб. гьумер.)**

ЛъикIаб хIадурлъи гьабун бугоан ясли-ахалда ПатIиматилгун дандчIваялде. Гьеб цIакъго берцин гьабун букIана ва тадбиралда гIахьаллъараз гьираялда къабул гьаруна, гьоркьо-гьоркьор ГIайшат Тажудиновалъ ахIарал кучIдул.

Ясли-ахалъул чIахIиязул группабазул лъималаз рикIкIана ВатIаналде, районалде, МелъелтIа росдае, улбузде гьарурал кучIдул. Гьаруна къурдаби ва хоралда ахIана ПатIимат АхIмадибировалъул «Салам, дие хирияв бакълъулазул гIадамал» абураб кечI.

РагIи къуна хIурматияй гьобол ПатIимат АхIмадибировалъе. Гьелъ жий кIодо гьаюн тадбир гIуцIаралъухъ ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна «Бакъ» ясли-ахалъул нухмалъулей Салимат ХIамидовалъе ва вечералда гIахьаллъаразе. Абуна «ГIумрудул гьветIалъул гьенарал тIамхал» абураб тIехь къватIибе бачIине бугиланги.

Тадбиралда гIахьаллъаразе бокьана ясли-ахалъул хIалтIухъабаз бихьизабураб ПатIимат АхIмадибировалъул «МагIарухъ гвай» абураб пьесаялдаса цо бутIа. Гьединго гьаруна къурдаби.

КIалъазе рахъарал МелъелтIа гьоркьохьеб школалъул нухмалъулей Эльмира МухIамадовалъ, гьебго школалъул мугIалимзаби Майсарат ГIадусовалъ, ХIабизат Бекмирзаевалъ, МелъелтIа аслияб школалъул нухмалъулей Зульфия ХIажимурадовалъ, МелъелтIаросдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулей ГIазра Халидовалъ, лъималазул творческияб рукъалъул нухмалъулей Заира Базаргановалъ, районалъул лъималазулгун гIолилазул библиотекаялъул нухмалъулей ПатIимат ХIусейновалъ, библиотекарь ГIазра Исубилаевалъ ва цогидазги. Рицана гьелъул гIумрудул нухалъул, гьелъ хъварал тIахьаздаса цоцо лъикIал харбал. ЦIалана жидецаго гьелде гьарурал кочIол мухъал, гьарана гьеб тадбир гIуцIарай Салиматие ва ПатIиматие сахлъи, рохел, икъбал.

Вечералда кIалъазе вахъарав районалъул лъайкьеялъул отделалъул методист Рамазан КъурамухIамадовас тарбия кьолезул ва школалъул гIумруялде рахинчIел лъималазул учреждениязул хIалтIухъанасул къоялда хурхун ясли-ахалъе къуна сайгъат. ПатIимат АхIмадибировалде Салимат ХIамидовалъ гьабураб кечI цIалана МелъелтIа гьоркьохьеб школалъул 9 классалъул цIалдохъан Макка Аххбеговалъ. ДандчIваялъул ахиралда «Бакъ» ясли-ахалъул нухмалъулей Салимат ХIамидовалъ ракI-ракIалъулаб баркала къуна вечералда гIахьаллъаразе ва гьарана гьезие кинабго лъикIабщинаб.

ДандчIвай ана киналго разияб, гьудуллъиялъулаб ахIвал-хIалалда.

**ГIайшат Исламбиева**

---

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

## ЧIиркъатIаса сахаватал гIадамал

**Бакълъулазул районалъул ЧIиркъатIа росдал гIадамаз кидаго гьарула сахаватал садакъаби. Жалго чIаго рукIаго гьарула гIемерисез садакъаби, росулъ бугеб щибаб цIараки рикIкIун цо килограмм гьан кьола. Хасго гьединал сахаватал ишал гьарула гIумру гIи-боцIи хьихьулаго арал гIадамаз.**

Дир эмен Аххубег ХIажиевас ва бесдал эбел Загьратица Данухъаги рачIун, ЧIиркъатIа яшав гьабулеб букIана. КIиябго росу борхараб садакъа гьабуна гьез араб гIасруялъул 60-70 абилел соназ. Гьединабго садакъа гьабуна ТIагьа МухIамадовасги. ЛъагIелалъ цебе гIумруялдаса ватIалъарав гIадатияв цIанавехь, пенсионер Лабазан Шагьрудиновас ва гьесул хьизан Нупайсатица ЧIиркъатIа росдал щибаб цIаракиялъе гьанги кьун, 7 нухалъ садакъа гьабуна. Гьев Лабазаница ва Мусил МухIамадица бетон тIун къачIана хьвадизе санагIат гьечIеб хIалалъ букIараб кIиго къватI. РакIалде ккола, гьединал пайдаял ишазе цохIо Аллагьасе, бусурмандиналъе ритIухъав вукIинго гIадин, кIудияб рокьиги хIажалъулин жив вижараб ва гIураб ракьалде, росдаде, аскIорругел гIадамазде.

Мусил МухIамадицаги гьабуна жиндасаго ва хьизан ПатIадаса росдаего гьан кураб садакъа. Цеве учительлъун хIалтIана ва пенсиялде индал магIарда боцIи хьихьун гIемерал сонал тIамуна гьес. БицинчIого рес гьечIо, дагьай цеегIан гIумруялдаса ятIалъарай, чиякъай, ригь арай Маликил Халисатица садакъа гьабиялъул хIакъалъулъги. Жиндирго бугеб ресалда рекъон, щибаб рузманкъоялъ мажгиталде рачIаразе къезе садакъа бачIунаан гьелъ. Аллагьас къабулаблъун батаги гьел киназулго садакъа.

ЦIикIкIараб бутIа росуцоязе пайда гьабиялъулъ лъуна КIудияб ВатIанияб рагъул инвалид, БагIараб цIва ордебалъул кавалер ГIабдулкарим ГIусмановас ва гьебго рагъул гIахьалчи мунагьал чураяв Къурбан МухIамадовас. ГIабдулкаримица лъикIаб гьариялъе гьарурал ишал рикIкIун бажаруларо. Гьел гьабсагIатги гьоркьор къотIизе тун гьечIо, 95 сонил гIумруялде вахун вугониги. Нухал, кьоял, рарал бакIал къачIазе ва цогидалъе харж гьарурал сурсатал малъичIого, гьес кIиго авалалда рана мажгитал. ГIабдулкаримицаги, гьесул хьизан мунагьал чураяй РахIматицаги гIезабуна 10 лъимер. Гьелги руго гIадатиял, хIажатаб бакIалде инсуца сурсатал кьеялдаса разиго рукIунел, гIадамазе кумекалъе ратулел лъимал. Араб соналъ ГIабдулкаримица росдае гIурухъа лъим кьабизе 40 азаргоялдаса цIикIкIун гьуруцги кьун босана къуватаб мотор. Цебе цогидаз гьабуралъулги, хадуб гьес харж гьабуралъулги хIасилалда араб соналъ ЧIиркъатIа ахалхурзабазе лъел кьварильи букIинчIо. хIалхьезегIан лъим щвана гIадамазе роол моцIаз. ГIурухъа лъим кьабизе пачалихъалъул цо гьурущцин босичIого, ЧIиркъатIаса сахаватал гIадамазул кумекалдалъун гIурул лъим кьаби. Гьенибе цIикIкIараб къадаралда гIарац къуна МухIамад МухIамадбакъировас, КъурахIма МухIамадовас. ГIурухъа лъим кьабизе гьарулел хIалтIаби рагIалде рахьинариялъулъ хIаракатчильи бихьизабуна жамагIатчагIи Мухтар МухIамадовас, жинцаги регьеялъул киналго хIалтIаби гьарурав. БетIералда ГIабдулкаримгун, тIадехун цIарал рехсарал гьалмагъзабазул кумекалдалъун рес щвана лъалъадизе гIурул лъим щвезе.

КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи мунагьал чураяв Къурбан МухIамадовас къуна росуцоязе садакъа, росдал кIудияб мажгиталда аскIоб бана мадрасаялъе кIитIалаяб мина.

Росулъ жанисел нухал къачIаялъе кIудияб хIалтIи гьабуна бизнесменал КъурахIма МухIамадовас (Паризал ГIалил) ва Шамил Шихмирзаевас. Шамилица къачIазабуна кIиго къватI: цояб басрияб росдал кIудияб мажгиталде унеб, цогидаб цIияб росдал авалалда, эхедераялъ машинаби рахунареб хIалалъ гвендахун букIараб. Гьеб кIиябго нух бетонги тIун къачIана. КъурахIмайица жиндирго сурсатаздалъун бетонги тIун къачIана росу бакълъан бугеб нух, цоги чанго бакIалдеги тIуна бетон. Гьел ва цогидал пайдаял хIалтIаби гьариялъ 4-5 сонालда жаниб хисана росдал гьумер.

Росу берцин гьабун къачIаялъе гуребги, чIиркъдерил сахаватчагIаз хIаракатчилъи бихьизабулеб буго хабалалъе нух къачIаялъе, гьенире кьулгьу гьабизе рачIаразе шартIал чIезариялъеги. Рагъул гIахьалчи ГIабдулкарим ГIусмановасул яс ПатIиматица сурсаталги кьун, росдал хабалалъ шайихасул хоб бугеб бакIалде щвезегIан бащдаб километралде гIагарун манзилалда бетон тIун нух къачIана, гьенир гIадамал гIодор чIезе скамейкабиги лъуна.

Гьобол-гьудул хирияв, исламияб диналъул рахъккурал, пайдаял ишазе ахирисеб гьурущги кьезе хIадурал гIадамал руго нижер росулъ. Азардаражаялде бахинабеги Аллагьас гьаб макъалаялда рехсаразулги рехсечIезулги кьураб садакъа. Баракат лъеги нигIматазда.

**МухIамад Муртазаев,**
**ЧIиркъатIа росу**

---

ХЕРАЛ МАГIАРУЛАЛ, НУЖЕР ЦО РАГIИ...

## Бакълъулазул районалда кIодо гьабуна ригь аразул къо

**ТIоцебесеб октябралда районалъул росабалъ яшав гьабулел ригь арал гIадамазухъе щвана маданияв ва библиотекабазул хIалтIухъаби.**

Культура-лъай кьеялъул далги росабазул харабигун дандчIваял гIуцIана баркиял, гьара-рахьиял гьаруна.

Жидехъе гьоболлъухъ рачIа-разе ва тIаде къабул гьарурaзе харабаз баркала загьир



учреждениязул хIалтIухъаби цо-цоял харабазухъе рокъоре ана, цогидаз данделъаби тIоритIун баркана. Ригь аразда байрам баркана, гьезие сахлъи, халатаб гIумру гьарана, сайгъатал къуна централизованнияб библиотекаялъул, МелъелтIа маданияб централъул хIалтIухъабаз ва цогидазги. ЦIияб Данухъ, ЦIаналъ, ЦIияб Аргъвани, хъутаналда бугеб Первомайское ва цогибабуна.

**Сураталда:** МелъелтIаса руччабазул цеехьан Чамарсаг Гьойтиевалда байрам баркизе рачIарал районалъул централизованнияб библиотекаялъул лъималазулгун гIолилазул отделалъул нухмалъулей ПатIимат ХIусейнова, библиотекарал ГIазра Исубилаева ва Раисат УхIумагIалиева.

**«Гумбет» РИО**

---

ЛЪИМЕР ГЬИМИЧIОНИ, ЧIУНТУЛА ДУНЯЛ

## Шахматал, шашкаби хIаялъ гIакълияб цебетIей щола

### Бакълъулазул районалда тIоритIана шахматал ва шашкаби хIаялъул къецал

**27 сентябралда Бакълъулазул районалъул администрациялъул лъайкьеялъул отделалъул данделъабазул залалда тIоритIана, районалда тIоцебесеб бакIалъе гIоло, цIалдохъабазда гьоркьор шахматал ва шашкаби хIаялъул къецал.**

Гьел гIуцIун рукIана районалъул информационниябгун методикияб централъ. Къецазда гIахьаллъи гьабуна районалъул 14 школалдаса 44 цIалдохъанас. Баркиялъулаб кIалъай гьабуна районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель Муса КъурамухIамадовас. «Шахматал хIазе ккола школазда тIоцебесеб классалдасаго. Гьелъ лъимералъе гIакълияб цебетIей щола. Шахматал, шашкабигун лъимал хIалел



бакIазда цIалул хIасилалги лъикIал рукIуна», - ян абуна гьес.

**(Ахир - 4 аб. гьумер.)**

## Шахматал, шашкаби хIаялъ гIакълияб цебетIей щола

**(Байбихьи - 3 аб. гьумер)**

Гьединго баркиялъулал рагIаби абуна ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школалъул учитель, къецалъул бетIерав судья МухIамадхIабиб ГIалиевас.

Турниралъул хIасилазда рекъон тIоцебесеб бакI бикьана ЧIиркъатIа ва ЛъаратIа гьоркьохъел школазул командабазда гьоркьоб, кIиабилеб бакI - Гъарадирихъ гьоркьохъеб ва Кунзахъ аслияб школазул, лъабабилеб бакI - Игьали ва Килалъ гьоркьохъел школазул командабазда гьоркьоб. Шахматал хIаялъе бергьараллъун рикIкIана Рамазан Махиев – ЛъаратIа гьоркьохъеб школалъул 11 классалъул цIалдохъан ва Саният ГIалихIажиева – Гъарадирихъ гьоркьохъеб школалъул 11 классалъул цIалдохъан, шашкабазе – МухIамад МухIамадов – Кунзахъ аслияб школалъул 9 классалъул цIалдохъан ва ПатIимат МухIамадова – ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школалъул 10 классалъул цIалдохъан.

Районалъул информационнияб методикияб централъул рахъалдасан къецазда бергьаразе къуна грамотаби ва сайгъатал.

**«Гумбет» РИО**

## Бакълъулазул районалъул Собраниялъул депутатаз халгьабуна школазда хасалоялде бугеб хIадурлъиялъул



**Районалъул Собраниялъул иргадулаб сессиялде хIадурлъулаго, бетIералда председатель МухтарахIмад АхIмадовгун райсобраниялъул депутатал щвана Килалъ, ТIад Инхо, Гъоркь Инхо, ЧIиркъатIа, ЦIияб Аргъвани, Игьали, Лъанлъари росабазул школазде.**

Депутатаз хал гьабуна хаслихълъиялъулгун хасалил заманалде школал ва лъималазул ахал хIадурлъиялъул бугеб хIалалъул.

**«Гумбет» РИО**

ОБЪЯВЛЕНИЕ

## Конкурсной отбор юридических лиц и индивидуальных предпринимателей

**Центр занятости населения в МО «Гумбетовский район» извещает о проведении конкурсного отбора юридических лиц, индивидуальных предпринимателей, независимо от их организационно - правовой формы (за исключением государственных (муниципальных учреждений), обратившихся по месту их регистрации в центр занятости населения в муниципальном образовании «Гумбетовский район» или многофункциональный центр предоставления государственных и муниципальных услуг в Республике Дагестан, в целях предоставления им субсидий за счет средств федерального бюджета и средств республиканского бюджета Республики Дагестан, на возмещение затрат, связанных с реализацией мероприятия по стимулированию предпринимательской деятельности в целях создания новых рабочих мест.**

Порядок и условия проведения конкурсного отбора юридических лиц, индивидуальных предпринимателей определены приказом Министерства труда и социального развития Республики Дагестан от 9 июня 2018 г. № 07/1-393 «О мерах по реализации постановления Правительства Республики Дагестан от 11 мая 2018 года № 42 «Об утверждении Порядка реализации дополнительных мероприятий в сфере занятости населения, направленных на снижение напряженности на рынке труда Республики Дагестан, на 2018 год» в части стимулирования предпринимательской деятельности в целях создания новых рабочих мест».

На участие в конкурсном отборе документы принимаются с 08 октября до 22 октября 2018 г. включительно.

Субсидии предоставляются юридическим лицам и индивидуальным предпринимателям, обратившимся в соответствующие центры занятости населения по месту регистрации, в размере их фактических затрат на осуществление предпринимательской деятельности, в том числе закупку оборудования, создание (оснащение) не менее двух дополнительных рабочих мест для трудоустройства граждан, но не более 200,00 тыс. рублей на одно юридическое лицо или на одного индивидуального предпринимателя (размер средств установлен в соответствии с постановлением Правительства Российской Федерации от 29 декабря 2017 г. № 1685 «О внесении изменений в государственную программу Российской Федерации «Содействие занятости населения»).

За дополнительной информацией обращаться в ГКУ РД ЦЗН в МО «Гумбетовский район» тел: 8 87 272 2-63-69;

директор 8 928 047 19 47;

инспектор по трудоустройству 8 928 249 08 45.

КЬАБУЛЕБ БУГО ЦIЕМУР

## Лъайкьеялъул учреждениязул методистазул данделъи тIобитIана Бакълъулазул районалда

**Бакълъулазул районалъул администрациялъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалда тIобитIана лъайкьеялъулгун методикияб централъул нухмалъулев Муса КъурамухIамадов, централъул хIалтIухъаби, лъайкьеялъул учреждениязул методикиял**



**кьеялъул модернизациялъул, цIалул планал рахъиялъул хIакъалъулъ ва цогидалги суалал гьоркьоб лъураб данделъи.**

Данделъиялда гIахьаллъана районалъул информациялъулгун методикияб централъул нухмалъулел. Гьенир хIасилал гьаруна 2017 – 2018 цIалул соналъ методикиял хъулухъаз гьабураб хIалтIул ва 2018 – 2019 цIалул соналъе масъалаби цере лъуна.

**«Гумбет» РИО**



**ЧIиркъатIа бугеб Тахо-Годил цIар кьураб республикаялъулаб музеялъул филиалалъул алатал**

## Памятка для охотника

**ОХОТНИК - находящийся на охотугодьях обязан иметь при себе:**

1. Охотничий билет
2. Разрешение на оружие
3. Разрешение на охоту (лицензию)

ОХОТНИК - обязан, предъявлять вышеуказанные документы по требованию должностных лиц уполномоченного органа государственной власти, осуществляющего федеральный государственный надзор, не предъявление влечёт лишение права осуществлять охоту сроком от одного года до двух лет.

ОХОТНИК - обязан, при добыче дикого животного, заполнить надлежащим образом разрешение (лицензия) прежде чем приступить к разделыванию туши, в случае не заполнения, охотник несёт административную ответственность в виде штрафа.

ОХОТНИК - при повторном нарушении в течение года влечёт наказание в виде лишения производить охоту от одного года до двух лет.

ОХОТНИК - при производстве незаконной охоты или нахождение на территориях охотугодий без разрешения на ношение и хранение оружия или не зарегистрированным оружием, производится его изъятие с последующей сдачей его в отдел полиции.

При нанесении крупного ущерба свыше 40 000 р. охотничьим ресурсам наступает уголовная ответственность .

Таксы для исчисления размера вреда причинённого охотничьим ресурсам:

1. Тур (самец) 180 т.р., — (самка)300т. р.
2. Косуля (самец) 120 т. р., — (самка) 200 т.р.
3. Медведь (самец) 180 т.р., — (самка) 300 т.р.
4. Кабан (самец) 90 т.р., —(самка) 150 т.р.
5. Барсук (самец) 36 т.р., —(самка) 60 т.р.
6. Заяц (самец) 3т.р., —(самка) 5 т.р.
7. Водоплавающая и боровая дичь 1800 р.
8. Ондатра (самец) 1500 -2500 р.
9. Фазан 6000-10 000 р.
10. Гуси 3000-5000 р.

БетIерав редактор ХIамзат МухIамадович ГIизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияб секретарь Къурмагьиз ХIадисова
Корреспонденталгl: ГIайшат Исламбиева, Хадижат Мазгарова, Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1097
Газета къватIибе биччазе гьулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.